



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 20YÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2017
LAN: KONLETE SANTYE EMPIRE STATE LAN APATI 2020**

***Konstwi 563 Nouvo Kilomèt Santye pou Kreye Pi Gwo Rezo Santye Miltifonksyon
Eta a nan Nasyon an***

***Rezo Santye 1207 Kilomèt la Pral Konekte Lak Erie ak Rejyon Kapital epi Pò New
York ak Kanada***

***Nouvo Aplikasyon Mobil pral Lanse, Ki Ap Konekte Vwayajè yo ak Santye ak
Atraksyon New York yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze jodi a pou konplete Hudson River Valley Greenway ak santye Erie Canalway yo apati 2020 pou kapab kreye Santye Empire State lan (Empire State Trail), pi gwo santye miltifonksyon nan nasyon an. Pou kapab reyalize sa, eta a pral devlope 563 kilomèt nouvo santye an twa faz pou kapab kreye yon wout 1207 kilomèt pou mache epi monte bisiklèt sou tout vizyèl enpresyonan yo ak atravè kominote istorik chaman yo. Santye Empire State lan pral travèse gwo pati nan eta a, soti depi nan Pò New York lan (New York Harbor) pou monte rive jiska Adirondack Mountains pou rive nan fontyè Kanadyèn lan – epi soti depi sou plaj Lak Erie an sou tout Kanal Erie istorik lan pou rive nan kè Rejyon Kapital.

“Bote natirèl enpresyonan ki travèse chak kwen nan eta sa, li se yon eleman kle nan pwosperite nou, ki vital pou avni nou, epi li fè pati de kilès nou ye antan ke Nouyòkè,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Santye Empire State lan, yon fwa li fin konplete, li pral rezo santye miltifonksyon ki pi gwo nan nasyon an, ki ap bay abitan menm jan ak vizitè yo aksè san presedan nan trezò ekstèn New York yo, ki ap atire aktivite touristik ak ekonomik yo nan kominote yo atravè eta a, epi ki ap ede pwoteje resous anviwònmantral yo pou jenerasyon k’ap vini yo.”

Hudson River Valley Greenway aktyèl New York lan ansanm ak Erie Canalway an yo se de nan wout miltifonksyon ki pi renouvle nan peyi Etazini, men toulède santye yo rete san yo poko fini, ak yon kantite espas vid atravè eta a. Aktyèlman, Hudson River Valley Greenway an prèske konplete a 50 pousan epi li travèse Santye Appalachian lan, ki ap travèse plis pase 418 kilomèt ant Manhattan Battery ak Lak George. Santye a de prè, epi nan divès kote ki paralèl ak State Bike Route 9, ki pwolonje Greenway lan ak yon 209 kilomèt adisyonèl sou tout Lak Champlain pou rive nan fontyè Kanadyèn lan.

Hudson River Valley Greenway lan jenere plis pase \$21 milyon nan enpak ekonomik chak ane ki soti nan vizitè yo ki ap rete nan kominote yo ki sou tout santye yo.

Erie Canalway prèske konplete a 80 pousan epi li mezire anviwon 579 kilomèt sou tout Kanal Erie istorik lan, ki ap konekte Buffalo ak Albany. Angajman Gouvènè an pou konplete santye sa kowenside ak bisantenè Kanal Erie a, pliske konstwiksyon mèvèy enjenyeri a te kòmanse an 1817. Chak ane, anviwon 1.5 milyon moun itilize Santye Erie Canalway lan ki sou tout Kanal Erie istorik lan, ki ap abouti a yon anviwon \$253 milyon nan aktivite ekonomik ki soti nan depans vizitè yo. Segman Buffalo-Pendleton lan se pati ki pi itilize anpil nan Santye Canalway lan ak anviwon 350,000 itilizatè anyèl yo. Ak pwopozisyon sa, yo pral konplete espas vid ki rete yo, ki ap konekte de (2) santye yo pou etabli Santye Empire State nan New York lan.

Yon fwa Santye Empire State lan fin konplete, santye yo pral atire plis moun ki ap mache, ki sou bisiklèt epi ki ap fè kous eski depi lontan, epi bay aksè a destinasyon yo, zòn eritaj yo, ak sit ak distrik istorik yo ki enkli:

Hudson River Valley Greenway

- Battery Park, NYC
- Walkway Over the Hudson, Poughkeepsie
- Olana State Historic Site, Hudson
- Martin Van Buren National Historic Site, Kinderhook
- Schodack Island State Park, Schodack Landing
- Saratoga National Battlefield, Stillwater
- Fort Ticonderoga, Ticonderoga

Erie Canalway Trail

- Theodore Roosevelt Inaugural Historic Site, Buffalo
- Buffalo State Park, Buffalo
- The Salt Museum on Onondaga Lake, Liverpool
- The Montezuma National Wild Refuge, Seneca Falls
- The Great New York State Fair, Syracuse
- Oriskany Battlefield State Historic Site, Oriskany
- Fort Stanwix National Monument, Rome

Rezo santye ekstansif sa pral amelyore konektivite kominote epi sipòte modèl lavi ki an sante yo, nan bay alafwa kominote riral ak ibèn yo aksè a opòtinite rekreyatif ekstèn san limit yo. Santye destinasyon long distans sa yo se faktè ekonomik ki kapab jenere \$1.5 - 5 milyon nan enpak ekonomik anyèl pou kominote ki alantou yo. An plis, yo prevwa ke rezo santye sa pral sipòte yon anviwon 9.6 pòs travay pou chak \$1 milyon ki te investi, epi chak dola pral jenere \$3 nan avantaj medikal dirèk yo pou kominote ki alantou yo. Santye yo pral atire touris tou ki ap soti toupatou nan mond lan pou vin eksplòre peyizaj atirant New York yo ak istwa rich, pandan y'ap pwofite de kabann lokal ak dejene yo, otèl yo, restoran yo, vinòb yo, brasri yo, fèm yo, ak atraksyon kiltirèl yo sou tout wout lan.

Lansman Sitwèb Santye Empire State Ak Aplikasyon Mobil

Yo pral lanse yon nouvo sitwèb ak aplikasyon mobil pou konekte pi plis Nouyòkè yo ak vizitè yo ak gwo espas ekstèn eta yo. Alafwa sitwèb lan ak aplikasyon an pral genyen yon lis wout vèt, santye ak deskripsyon kous yo, ak nivo difikilte yo. Aplikasyon an pral pèmèt itilizatè yo jwenn sèvis ak atraksyon ki tou pre yo apati itilizasyon sèvis lokalite yo, ak opsyon pou pataje pozisyon ekzat itilizatè a ansanm ak zanmi yo, oswa premye entèvenan yo, nan yon ka ijans. Opsyon pataj sosyal yo pral disponib tou, pou kapab pataje foto yo sou Instagram, Facebook ak Twitter. Yon kat vizit an dirèk, direksyon pwomnad ak trajè yo, yo disponib menm jan ak yon lektè elevasyon ki fè itilizatè yo konnen lè santye yo ap travèse kolin yo ak mòn yo.

Sistèm rezo an pral bay vwayajè yo aksè a yon seri atraksyon enpòtan, ke yo kapab jwenn tout sou sitwèb ak aplikasyon mobil, ki enkli Battery Park, Walkway Over the Hudson, Corning Preserve, Lake George, Schenectady Rivers Casino, Erie Canal Museum, Buffalo Naval Military Park, brasri lokal yo, ak lòt akomodasyon lojman yo, ak destinasyon ki konvenab pou fanmi yo ke yo ka jwenn sou tout Santye Empire State lan.

“Pak yo, sit istorik yo, ak zòn eritaj yo se bon mak fabrik kominote lokal nou yo, epi Santye Empire State lan pral konekte pi plis resous trezò sa yo ak tout Nouyòkè yo, vwazen yo ak fanmi yo,” **se sa Komisè Pak Eta New York yo Rose Harvey, te deklare.** “Gouvènè Cuomo ap rajeni sistèm pak eta a, epi kounye a ak kreyasyon Santye Empire State lan nou ap apwofondi koneksyon an epi pataje anpil nan trezò mèveye sa yo, epi sèl sa ou bezwen fè se yon pwomnad sou bisiklèt oswa yon balad kazyèl.”

“Resous natirèl New York yo se reyèlman destinasyon klas mondyal, epi atravè lidèchip Gouvènè Cuomo, nouvo Santye Empire State lan pral etabli koneskyon enpòtan pou ofri abitan ak vizitè yo plis opòtinite ankò pou kapab eksperimante tout sa eta a gen pou ofri,” **se sa Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Eta New York lan (New York State Department of Environmental Conservation) Basil Seggos, te deklare.** “Mwen espere travay ansanm ak patnè nou yo nan Pak Eta yo, pou elaji epi amelyore komèsyalizasyon tout avanti ekstèn yo ke yon moun kapab eksperimante atravè eta a, epi kontinye ede kominote yo atravè eta a kapitalize sou potansyèl ekonomik rekreyasyon ekstèn yo.”

Brian Stratton, ki se Direktè Kòporasyon Kanal Eta New York (New York State Canal Corporation), te deklare, “Dè dizèn milye moun deja ap itilize santye Kanal la pandan tout ane a pou mache, monte bisiklèt, kouri, epi fè kous eski. Mwen plis ke kontan dèske Gouvènè Cuomo te pwopoze pou konplete santye a sou tout longè Kanal Erie an okonplè. Kounye a, plis moun pral kapab pwofite de tout sa ke rivaj ikonik sa gen pou ofri, pandan n’ap selebre bisantenè sistèm kanal la an 2017.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418